



# Depi nan kòmansman an

## Enfòmasyon ak resous pou ede w

### Pi bon rezilta kòmanse ak aksè bonè ak bon kalite swen

Antanke yon plan sante Florida Medicaid, Plan UnitedHealthcare Community bay sipò depi nan kòmansman lè nou fè pwogram sante matènèl, patenarya pwofesyonèl swen sante yo ak sipò manm yo mache ansanm avèk objektif yo nan tout eta a. Pou ede rann bagay yo pi fasil, men kèk enfòmasyon sou gwosès, resous apre akouchman ak resous pou tibebe, ki gen ladan edikasyon, kowòdinasyon swen ak sipò ki ajoute.

### Sa ki nouvo

Inisyativ sa a mete ansanm sèvis sante ak sipò ki disponib pa mwayen plan nou an, epi sa rann li pi fasil pou manman yo jwenn èd pandan gwosès ak swen apre akouchman ak swen pou tibebe. Gade nan pwochen paj la pou aprann plis sou nouvo avantaj sa yo.

### Avantaj pou manman ak tibebe:

- Diminye sitiyasyon kote moun pa resewa swen yo bezwen yo
- Amelyore aksè nan sèvis yo
- Plis opsyon swen ak kowòdinasyon pou manman ki sou gwo risk yo
- Konsantre sou kalite
- Sipò pou bay tete

## Ou ka jwenn avantaj sa yo ak plis ankò



**Amelyorasyon nan avantaj doula a** – Kounye a manman yo gen aksè ak sèvis doula amelyore pou yo ka bay sipò ki adapte ak bezwen yo anvan, pandan, ak apre akouchman an nan rezo nou an. Doula yo ka ede navige pwosesis tranche ak akouchman an, diminye enkyetid epi amelyore rezilta akouchman yo.



**Èd manje anvan akouchman** – Manman ki gen gwosès ki sou gwo risk yo oswa moun ki gen pwoblèm nitrisyonèl yo kalifye pou yo resevwa manje ki adapte sou plan medikal yo livre lakay yo anvan akouchman an.



**Sipò pou Laktasyon (prenatal ak apre akouchman)** – Kounye a sèvis sipò pou laktasyon yo disponib depi nan peryòd prenatal la epi li pwolonje jiska 6 mwa (180 jou) apre akouchman an. Sa gen ladan l konsiltasyon avèk konsiltan laktasyon ki sètifye, resous edikatif, ak konsèy kontinyèl pou ede manman yo bay tete byen.



**Transpò medikal ki pa ijans (NEMT)** – Transpò disponib pou ale ak soti nan randevou swen sante ki kouvri pou manman yo. Avantaj sa a ede asire manman ak tibebe a ka ale nan vizit prenatal, suivi apre akouchman, konsiltasyon pou laktasyon ak lòt sèvis swen sante ki kouvri pou manman yo san transpò pa yon obstak.



**Ponp tete** – Manman yo kalifye pou yo resevwa yon ponp tete epi lwe yon ponp tete yo itilize lopital nan plan an. Avantaj sa yo sa a sipòte manman ki chwazi bay tete ak sa yo ki ka bezwen yon ponp ki bay pi bon rannman akòz nesosite medikal, nesans anvan lè oswa lòt dyagnostik klinik.



**Rekonpans pou sante manman yo** – Pale de gwosès ou a epi resevwa rekonpans. Manman ki ranpli epi ki retounen yon Fòm Avi sou Gwosès pou Sante Manman yo nan lespas 30 jou apre konfimasyon doktè yo pral resevwa yon kat rekonpans \$25.

## Resous pou sipò

**La Leche League** – Bay tete se yon eksperyans aprantisaj, menm si ou pa yon manman premye fwa. Chak manman ak tibebe diferan. Ale sou [LLL.org](http://LLL.org) pou jwenn divès kalite resous ak enfòmasyon sou bay tete.

**Healthy First Steps®** – Manm Plan UnitedHealthcare Community yo benefisye pwogram sa a gratis. Li ka konekte w avèk èd ak resous espesyal. Ou ka menm resevwa rekonpans pou al fè tchèkòp pandan gwosès la epi pandan premye 15 mwa tibebe w la. Pou enskri, rele nou gratis nan **1-800-599-5985**, TTY **711**, soti Lendi rive Vandredi, apati 8 a.m. jiska 5 p.m.



---

UnitedHealthcare pa fè diskriminasyon akòz ras, koulè, peyi kote moun nan soti, sèks, laj oswa andikap nan pwogram ak aktivite sante yo.

Enfòmasyon sa yo disponib gratis nan lòt lang, tankou lèt nan lòt lang, gwo lèt oswa ou ka mande yon entèprèt. Tanpri kontakte nimewo sèvis kliyantèl nou an nan 1-888-716-8787, TTY/TTD 711, apati 8 a.m. jiska 7 p.m., soti Lendi rive Vandredi.

Spanish

Esta información está disponible de forma gratuita en otros idiomas como cartas en otros idiomas, letra grande, o puede pedir un intérprete. Por ejemplo, letras en otros idiomas o letra grande. También puede solicitar un intérprete. Por favor, póngase en contacto con nuestro número de servicio al cliente en 1-888-716-8787, TTY/TTD 711, de 8 a. m. a 7 p. m. de lunes a viernes.

Haitian Creole

Enfòmasyon sa yo disponib gratis nan lòt lang tankou lèt nan lòt lang, gwo lèt, oswa ou ka mande yon entèprèt. Oswa, ou ka mande yon entèprèt. Souple kontakte nimewo sèvis Kliyantèl nou nan 1-888-716-8787, 711 TTY/TTD, apati 8 a.m. jiska 7 p.m., soti Lendi rive Vandredi.